

Nimewo 56.3

DEKRÈ EGZEKITIF

**MODIFYE DEKLARASYON IJANS POUTÈT KATASTWÒF NAN KONTE BRONX, NOUYÒK,  
AK KONTE KI OZALANTOU YO AKOZ MANK ANPLWAYE NAN SWEN SANTE NAN ETA  
NOUYÒK**

KONSIDERE KE, yon grèv pèsonèl enfimyè nan konte Bronx ak Nouyòk lakòz plizyè lopital nan Eta a ap fè fas ak gwo mank pèsonèl, sa ki afekte disponiblite ak fason yo bay swen, menase sante ak sekirite piblik, ansanm ak kapasite pou bay swen esansyèl, espesyalman pou popilasyon vilnerab yo, nan yon moman kote viris respiratwa yo toujou gaye anpil;

KONSIDERE KE, pou pwoteje sante ak sekirite piblik la, nan dat 9 janvyè 2026, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 56 ki deklare yon Ijans poutèt Katastwòf nan Eta a nan konte Bronx, Nassau, Nouyòk, ak konte ozalantou yo;

KONSIDERE KE, tèm, kondisyon, ak sispansyon ki nan Dekrè Egzekitif 56 la se yon mezi tanporè pou garanti kontinuite swen yo ak sekirite pasyan yo, epi yo pa fèt pou bay okenn pati avantaj nan negosyasyon kolektif; epi

KOUNYE A, AN KONSEKANS, MWEN, KATHY HOCHUL, Gouvènè Eta Nouyòk la, konfòmman ak otorite Konstitisyon Eta Nouyòk la ak Seksyon 28 Atik 2-B Lwa Egzekitif la te konfye mwen, avèk dokiman sa a, mwen konstate ke gen yon bezwen kontinyèl pou yon lòd ijans pou katastwòf nan Konte Bronx ak Nouyòk epi mwen pwolonje Eta Ijans poutèt Katastwòf la jan sa deklare nan Dekrè Egzekitif Nimewo 56 la, epi kontinye tèm, kondisyon, ak sispansyon ki nan Dekrè Egzekitif Nimewo 56 jan yo aplike nan Bronx, Nouyòk, ak konte ozalantou yo jiska 4 fevriye 2026.

F È T anba siyati mwen ak So Prive nan  
Eta a nan Vil Albany nan 2yèm jou  
mwa fevriye nan ane de mil  
vennis.

SOU Lòd GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a